

ANGÉLICA INFANTE-GREEN  
Komisè

JAVIER MONTAÑEZ  
Sipè-entandan



Distri Lekòl Piblik Providence  
Biwo Sipè-entandan an  
797 Westminster Street  
Providence, RI 02903-4045  
Telefòn: 401.456.9211  
faks 401. 456.9252  
www.providenceschools.org

[DAT]

### Chè Paran/Gadyen Legal:

Distri Lekòl Piblik Providence lan (PPSD) pral kontinye ofri tès COVID-19 nan lekòl timoun ou an nan kad efò nou yo pou fè fas ak kowonaviris la.

Selon aktyèl kondisyon sante piblik yo, PPSD pral bay tès asentomatik (pou moun ki pa prezante sentòm) yo pandan premye kat semèn lekòl la, aprè vakans lekòl la, epi lè Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (CDC) a idantifye Konte Providence lan kòm “wot transmisyon”. Tès yo pral disponib pou tout elèv ak manm pèsònèl yo nan lekòl timoun ou an. Pandan peryòd sa yo, distri a vize pou ofri tès yon fwa pa semèn, selon disponiblite apwovizyonman yo.

Anplis, si timoun ou an montre sentòm pandan li lekòl la, enfimye lekòl la pral fè tès sentomatik (pou moun ki gen sentòm) pou kapab akselere kalandriye tès la pou elèv yo.

Selon aktyèl apwovizyonman yo, yo pral reyalize tès yo avèk yon tès antijèn rapid. Pou chak tès, timoun ou an pral resevwa yon prelevman nazal. Paran yo pral resevwa yon apèl nan telefòn si yon timoun tès te pozitif.

Administratè lekòl yo pral genyen aksè nan rezilta tès BinaxNOW ak tès PCR yo. Si ou genyen nenpòt kesyon sou tès la pandan pwogram sa a, tanpri kontakte lekòl timoun ou an. Oumenm, antanke paran/gadyen legal la, oswa timoun ou an ka refize fè tès nan nenpòt moman.

PPSD bezwen pèmisyon w pou elèv ou an kapab patisipe nan pwogram tès sa a. **Si yon epi retounen fòmilè sa a lè ane lekòl la kòmanse nan otòn sa a si ou ta renmen pou timoun ou an patisipe nan tès pou COVID-19 la. Si ou te deja soumèt yon konsantman pou yon ane lekòl presedan, ou pa bezwen soumèt yon nouvo fòmilè konsantman.**

Non Elèv la: \_\_\_\_\_

Lekòl Elèv la: \_\_\_\_\_

Dat Nesans Elèv la: \_\_\_\_\_

Nimewo Telefòn Paran/Gadyen Legal la: \_\_\_\_\_

Imèl Paran/Gadyen Legal la: \_\_\_\_\_

Siyati Paran/Gadyen Legal la: \_\_\_\_\_

Mèsi pou sipò w nan efò nou yo pou elaji prevansyon, deteksyon, ak tès COVID-19 yo nan eta nou an epi nan lekòl nou yo.